# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 जून 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने सरकार के सहानुभूति से भरल अउर गरीब कल्याण के प्रति समरपित बतवले हवें। एगो सोसल मीडिया सनेसा में उहां के राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन सरकार क इग्यारह बरिस पूरा भइले पर लोगिन के गरीबी से उबारे बदे केन्द्र सरकार क ससक्तीकरण, मजबूत बुनियादी ढांचा अउर समावेसन के दिसा में उठावल गइल कदम क जिकिरि कइलीं। एगो रिपोर्ट–

***प्रधानमंत्री ने लिखा कि पीएम आवास योजना, पीएम उज्ज्वला योजना, जन धन योजना और आयुष्मान भारत जैसी पहलों ने आवास, खाना पकाने के स्वच्छ ईंधन, बैंकिंग और स्वास्थ्य सेवा तक पहुंच को बढ़ाया है। उन्होंने कहा कि प्रत्यक्ष लाभ अंतरण, डिजिटल समावेशन और मजबूत ग्रामीण बुनियादी ढांचे ने पारदर्शिता के साथ–साथ अंतिम छोर तक लाभ पहुंचाया है। श्री मोदी ने गरीबी को हराने में 25 करोड़ से अधिक लोगों की मदद करने में इन पहलों की भूमिका पर जोर दिया। भानु की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से मैं लवलीन निगम।***

**********

देस में सेवा, सुसासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धांत से प्रेरित हो के एक दसक में खास परिवर्तन भइल हौ। येही कड़ी में आकाशवाणी समाचार पछिला इग्यारह बरिस में प्रमुख क्षेत्र में सरकार के कोसिसन पर खास श्रृंखला ले के आइल हौ। आजु हमनी के सिक्षा अउर खेल पर धियान केन्द्रीत कइ रहल हईं।

***राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020 के तहत सरकार का लक्ष्य है कि 2030 तक देशभर के स्कूलों में प्री स्कूल से माध्यमिक स्तर तक 100 प्रतिशत और वर्ष 2035 तक उच्च शिक्षा में 50 प्रतिशत नामांकन किए जाएं। वर्ष 2014 में देश के उच्च शिक्षण संस्थानों की संख्या 51 हजार थी जो अब बढ़कर 70 हजार से अधिक हो गई है इसमें आईआईटी, आईआईएम और एम्स जैसे शिक्षण संस्थान की संख्या अधिक है। पीएम श्री योजना के तहत देशभर में साढे 14 हजार स्कूलों का कायाकल्प किया जा रहा है। शिक्षा के साथ–साथ खेल क्षेत्र भी सरकार की राष्ट्रीय प्राथमिकताओं में है। खेलो इंडिया अभियान के तहत देशभर में एक हजार से अधिक प्रशिक्षण केन्द्र खोले गए हैं और 3 हजार युवा खिलाडियों को सालाना 6 लाख रुपए से अधिक की मदद दी जा रही है। टारगेट ओलम्कि पोडियम योजना के तहत देश के शीर्ष खिलाडियों को विशेष प्रशिक्षण और संसाधन प्रदान किये जा रहे हैं। भारत ने पिछले दो ओलंपिक में 13 पदक जीते हैं और पेरिस पैरालंपिक में रिकॉर्ड तोड़ 29 पदक अपने नाम किये हैं। रहीसुद्दीन रेहान आकाशवाणी समाचार दिल्ली।***

**********

कांग्रेस सांसद शशि थरूर के अगुआई में बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल अमेरीका में नेता लोगि, सीनियर अधिकारी अउर भारतीय समुदाय के साथ कई गो बइठकी के दौरान आतंकवाद के खिलाफ भारत के दृढ़ रुख के मजबूती के साथे सामने रखले हौ। श्री थरूर वाशिंगटन में अमेरिकी कांग्रेस के बिदेस मामिलन क समिति के सीर्स अगुआई के साथे बइठकी के बाद कहले हवे कि आतंकवादी हमला क निंदा कइले अउर भारत के आत्मरक्षा क अधिकार के मुद्दा पर सब लोगि पुरहर तरीक से सहमति जतवलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ श्रीराम मंदिर परिसर में राम दरबार अउर छौ गो मंदिरन में स्थापित देवी–देवता के प्राण प्रतिस्ठा समारोह में आजु हिस्सा लिहलें। येह दौरान उहां के श्रीरामलला क दरसनों–पूजन कइलें। अजोध्या नगर निगम क वर्तमान बोर्ड के दुइ सालि पूरा भइले के उपलक्ष्य में आयोजित कार्यक्रमों में मुख्यमंत्री सामिल भइलें। ओइजा उहां के करीब पैंसठ करोड़ से बेसी क लागति वाली जन कल्याणकारी योजना क लोकारपण अउर सिलान्यास के बाद उत्कृष्ट कार करे वाली तीनि महिला करमचारियन के सम्मानित कइलीं। एक पेड़ मां के नांव अभियान के तहत मुख्यमंत्री अजोध्या के पुष्प वाटिका में पौधो लगवलें।

**********

आजु विश्व पर्यावरण दिवस हौ। येह मौका पर प्रदेस भर में जनजागरूकता कार्यक्रम अउर पौधारोपण कइ के पर्यावरण संरक्षण क सनेसा दीहल जा रहल हौ। गोरखपुर जिला में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ तिरपनवां जन्मदिन के मौका पर पंडित दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय के आवासीय परिसर में तिरपन गो पौधा लगावल गइल। कार्यक्रम क संयोजक डॉक्टर योगेश प्रताप सिंह बतवलें कि मुख्यमंत्री क पर्यावरण प्रेम के देखत पछिला चारि बरिस में हर सालि उनके जनमदिन पर उनके उमिरि के संख्या के बराबर पौधा लगावल जा रहल हौ। विश्व पर्यावरण दिवस पर बनारस जिला में पेड़ क प्रतीक यात्रा निकारि के हरा पेड़ न कटले क सनेसा दीहल गइल।

**********

देस भर के तीस हजार से जियादा संगठन येह बरिस अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के मौका पर मुख्य कार्यक्रम योग संगम–दुइ हजार पचीस में हिस्सा देवे बदे पंजीकरण करवले हवें। एकर आयोजन आयुष मंत्रालय कइ रहल हौ। आयुष मंत्रालय समरपित पोर्टल योगा डॉट आयुष डॉट जीओवी डॉट इन स्लैस योगा डैस संगम लांच कइले हौ। मंत्रालय के मोताबिक येह पोर्टल पर संगठन अपने कार्यक्रम के पंजीकरण करवा सके लें।

**********